

UGUSOZERA YUBIRE Y'UMWAKAKA N'UKWATIRA MW'ITEKA  
N'IBANGA VY'UBUSASEREDOTI  
Muyinga, 05 Nyakanga 2020

**NIDUSANGWE ITOTO RYA YUBIRE  
N'UBUHEREZANKUKA BWO KURIEMESHA**

1. Gihugu caranda c'Imana, ndasubiriye kubaramutsa ngira nti: Nidusangwe itoto rya Yubire n'Ubuherezankuka bwo kuriemesha!

Mu mucu w'iri jambo ry'Imana tugaburiwe, numva ata handi nohera atari ku gushimagiza iyo Mana nyene, ngira nti: Wewe Mana Butatu Bweranda twahishuriwe n'Umukama wacu Yezu-Kristu, n'ushemezwe, uhezagirwe. Ndagushemeza kuko utugabiye gusozerera ihimbazwa rya Yubire y'inzahabu ya Diyoseze yacu twatira iyi misore 10 mw'iteka n'ibanga ry'ubusaseredoti, na barumuna babo 5 mu ry'ubudiyakoni. Birakwiye kugukengurukira nk'uko turiko turabigira, mu kwakira uwo waturungikiye no kumukundira ngo atubere Umukiza. Nkako, We nyene ubwiye yaratwibwiriye ati: “ico Data ashaka ari uko uwubonye Mwana akamwemera, aronka ubuzima budahera...” (Yoh. 6: 40). Aca agirako mbere ati: “Ubuzima budahera na bwo ni ukukumenya wewe Mana rudende y'ukuri n'uwo watumye Yezu-Kristu” (Yoh. 17: 3). Ndemera kandi ko ukubamenya, Dawe Mweranda mwe n'Umwana wawe Yezu Kristu, kurangukira mu gusangira namwe umutima, ingiro be n'ingendo.

2. None, muri iri jambo utugaburiye Mana, uratubwiye ko iyi Yubire turiko turasozera ari **isabato rutura y'amasabato indwi y'imyaka**. Iyo sabato, na yo, nk'uko Umwana wawe Yezu-Kristu waturungikiye yabitumenyesheje, wayishinze kubw'ineza y'umuntu: “Isabato yagiriwe abantu, abantu si bo bagiriwe isabato” (Mk 2:27). Nkako igihe Musa yashikiriza ibwirizwa ryawe ryo kwama bayihimbaza, bakayitagitifuza, yatomoye igituma, agira ati: “Kukaba nkako, mu misi itandatu, Imana yaremye ijuru n'isi, ikiyaga n'ibiri muri vyo vyose, iruhuka ku musu ugira indwi. Nico gituma Umukama yahezagiye umusi w'isabato arawutagitifuza” (Ihunguka 20: 11). Mu nyuma na ho ariko arabibutsa amategeko yawe, aragaruka ku mvo n'imvano y'iyo ngingo nyene, avuga ati: “Uribuka ko wari umuja mu gihugu ca Misiri, hanyuma Umukama Imana yawe akagukuzayo ikiganza gikomeye n'ukuboko kuramvuye. Nico gituma Umukama Imana yawe yagutegetse guhimbaza umusi w'isabato” (Amategeko 5: 15).

3. Turategera rero yuko Isabato yashinzwe ngo ibe umusi wo **kwigana ukuruhuka kw’Imana kwasozereye igikorwa cayo c’ukurema**, ikongera ikaba n’umusi w’uko abantu bayo bagira rwabo impuhwe zayitumye ikura mu buja Bene Israeli. Wari umusi wo kugaragaza ko umuntu ataremwe ngo yiganze kuri bagenziwe canke ku bindi vyaremwe, mugabo ko yaremwe ngo abatunganirize biyumve mw’iteka ryabo, yongere azigame ateko abungabunge ivyaremwe bimukikije, ku neza ya bagenziwe, abariho n’abazokurikira. Isabato wari umusi wo kwinjirana n’Imana aho iruhukira, hamwe itubwira mw’Ikete ryandikiwe Abahebreyi iti: “Nkako uwinjiye aho iruhukira, na we nyene aba aruhutse...” (Abahebreyi 4: 10). **Uko kuruhuka ishaka ko dusangira na Yo, ni ukugira rwacu ibiyinezera gusumba ibindi, bituma koko yiyumva ko yubashwe, igasengwa vy’ukuri mu buryo buhuye n’ubuninahazwa bwayo.** Ikiyinezera na co kikayininahaza gusumba ibindi, nk’uko Umweranda Ireneyo w’i Lyon yabivuze, ni **umuntu muzima kubw’ubunywanyi afitaniye na Yo.**
  
4. Mu gushinga rero ko Yubire iba isabato y’agakura, aho ni ho yashaka ko yoshikana abagize Igihugu cayo. Nk’uko twavyumvise mu gisomwa ca mbere, umwaka wa Yubire wategerezwa kuba umwaka w’umwidegemvyo kuri bose no kuri vyose. Umwaka wo kwigina ubuntu bw’Umukama mu kumenyesha Inkuru nziza aboro, ababoshwe n’abacinyijwe ko babohowe, abahumye ko bahumutse. **Ngaho ahatuma Imana iruhuka koko, igahimbarwa.**
  
5. Aho ni ho rero yashatse ko dusangira na Yo gushikana benumuryango wa Diyoseze yacu mu guhimbaza Yubire yayo y’imyaka 50, tugatako tukiyemeza kubibandanya. Twaragerageje. Twaritwararitse gusenga dusaba ko urukundo dufitaniye rwozira agahemo, umwe wese akarangwa n’ukwitanga ngo bagenziwe biyumvemwo ko bakundwa kandi ko bagiriwe ikigongwe. Mu maparuwase yose, twarahimirizanye kwakira ikigongwe c’Umukama, maze benshi mu batari bakiri mu bumwe bwuzuye n’Umuryango w’Ekleziya, barakorwako n’inyigisho, baraheza barasaba kugaruka, kandi barakirwa.
  
6. Mugabo impinga iracari ndende. N’ubu iyo ngendeye amaparuwase yacu, nkaja mu mibano yayo mitomito, ndeka gusa kuvayo mvuga nk’umuhanuzi Yeremiya nti: “Amaso yanje n’acundugute amosozi ijoro n’umutaga kuko ikiza gikomeye cavunaguye umwigeme, umukobwa w’igihugu canje

kimutera igisebe kidakira” (Yer 14:17), mugabo mbona vyinshi binyemeza ko habuze iteka n’umwidegemvyo, bikantera agahinda. Hari ivyo nshikizako amaso nk’ukubura uburaro n’uburamuko biberanye n’iteka ry’uwaremanywe agashusho k’Imana, hakaba n’ivyo ntegera ndimbuye inyifato n’ingendo mbona. Ivyo na vyo ahanini bikaba bishingiye ku kutabohoka ku mutima n’ubujuju, bituma umuntu ashobora gukenana n’ivyo afise, akabaho nk’umuja n’umurushwa kandi ari Umwana w’Imana, kubw’agashusho kayo yaremanywe no kubwa YK yamupfiriye ku musaraba.

7. Turacakeneye rero abahanuzi n’abaherezankuka bategera ko muri YK twahawe itunga ntangere tudakwiye gupfisha ubusa, bagaheza bakitanga ngo abantu bose baryikoreko, baronke ubuzima kandi ubuzima bwuzuye (raba Yoh. 10:10). Nimumfashe rero dukengurukire Imana igira ngo itugabire uyu musu benabo bahanuzi n’abaherezankuka dukenye bashika 10, na barumuna babo babagwa mu ntege, bagatuma twizera ko mu myaka iri imbere agahinda duterwa n’ibijakaza abantu dushinzwe bizogabanuka.
8. Bana banje, twagabiwe n’Imana mushobora vyose, zirikana mutegere ko mugira muterwe iteka ryo kuba hagati ya benewanyu ibimenyamena bizima vy’Umukiza yadupfiriye ku musaraba. Mwitavye ijwi ry’Umukama abahamagaye ngo tububikeko ibiganza, mube Abaherezankuka bahanuzi nka Melkisedeki, atabihawe n’akoko mugabo yabihawe n’ubuntu bw’Imana yamutoye. Kubw’Ibatisimu mwahawe, mwari musanzwe muri abaherezankuka bihereza bo nyene bwa mbagwa nzima, nk’ishikanwa rizima rishika Imana ku nyota (He 9: 24; Rm 12:1) . None mugira ngo mube abaherezankuka basuku, bashinzwe gukorera benewabo ngo ubwo buherezankuka buzigamwe kandi bukomezwe muri Ekleziya no kw’isi yose. Ko mwatiwe dusozerwa Yubire, murarushirizaho kwiyumvamwo ko mubaye abaherezankuka bihebeye kumenyeshya umwaka w’ubuntu bw’Umukama, aho aboro bamenya Inkuru nziza, ababoshwe bakabohoka, abahumye bagahumuka, n’abacinyijwe na bo nyene bakabohoka.
9. Uburundi n’isi yose birakeneye cane abaherenzankuka benabo. Nkako, hirya no hino, ukubura umwidegemvyo mu bantu kuvuye ku bituma bitandukanye, biboneka canke bitaboneka, kuri ho, mbere guteye agahinda. Nico gituma, mu gihe c’Inama yacu y’Umuryango no mu nyuma, tukirindiriye ko ivyo yadushikanyeko bitangazwa icese, twagumye dusenga tubwira Imana ko n’aho yatugabiye Uburundi, ikabutaka ivyiza vyinshi ikabidusangiza, tweho

yamara twabaye ba bahebiyake, ico gihugu tukagifutanya, abantu bakicwa, abanda bakangazwa, impfuvyi n’abapfakazi bakabura uwo bitura, eka n’ibidukikije bikahahonera. Nimwiyumvemwo rero ko muhamagariwe kuba abaherezankuka bazindukira mw’isakristiya no mw’isengeru, ngo bavome kwa Yezu, Umukiza w’abantu ishaka n’ingoga vyo kubohoza benewabo ku mutima no ku mubiri, ubudatandukanya izo mpande.

10. Imigirwa tugira ngo dusangire rero, nza kuyirangura ndabasabira nongera ndabahezagira nti murabe ba **Totoryayubire**, mwererwe, mwerere Ekleziya n’Uburundi. Umuvyeyi Bikira Mariya yasamwe ata gicumuro, Diyoseze yacu yaragijwe, n’atubere mu ngoro, uwo muhezagiro ufate kubw’impuhwe n’ikigongwe vy’Imana. Amen.

✠Yohakimu NTAHONDEREYE  
Umwepiskopi wa Muyinga